TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 40

MAVAMBO MATSVA EVANHU

Ini ndinotenda kuti vanhu vazhinji vanoronga zvinhu zvavo vasingambofunga kuti Mwari vanoti kudii. Vanotoita hurongwa hwavo vakangotarisa zvido zvavo chete. Kushaya hanya naMwari kana kusamuziva hazvirevi kuti iwe unozobudirira pakuita zvaunoda. Ndinoda kuti ubatisise pfungwa iyi. Kune vamwe vanhu vanofunga kuti unogona kungoshaya hanya naMwari worega kumuteerera zvaanotaura uchingoita hako madiro ako. Asi chokwadi ndechekuti sevanhu pane patinogumira.

Chokwadi chikuru pamusoro paMwari ndechekuti vanoziva zviri kuitika iye zvino uye vanoronga zvichaitika mune ramangwana. Tine maruramisiro atinoita ekutaura tichiti Mwari ndiMwari wekusvika kumagumo. Ndivo vachataura shoko rekupedzisira pamusoro pezvinhu zvese. Chokwadi ndechekuti, dai taiziva kwaizoperera zvinhu isu taizoronga zvakasiyana nemarongero atinoita. Mhuri yakabva muna Noa mushure memakore anosvika kana kudarika zana mafashamo emvura aitika vakatanga kuzvimiririra nekuvimba nezvavaizviitira ndokubva vapandukira Mwari. Genesi 11:5-9 inotipa nhoroondo iyi.

[5]Asi Jehovha akaburuka pasi kuti azoona guta neshongwe yakanga ichivakwa navanhu. [6]. Jehovha akati, “Kana vanhu ava vava somunhu mumwe vachitaura rurimi rumwechete vakatanga kuita izvi, zvino hapana chinhu chavanoronga kuti vachiite chichavaomera. [7]Uyai, ngatiburukei tindovapesanisa mutauro wavo kuti varege kunzwisisana. [8]Saka Jehovha akavaparadzira pamusoro penyika yose ipapo

uye vakarega kuvaka guta. [9]Ndokusaka nzvimbo iyo yakanzi Bhabheri, nokuti ipapo Jehovha akapesanisa mutauro wenyika yose. Kubva ipapo Jehovha akavaparadzira pamusoro penyika yose. Pane chimwe CHOKWADI chinogara chakadaro pamusoro paMwari nehukama hwavo nesu. Chokwadi ichi chinotidzidzisa kuti tinofanira kuronga zvakanaka zvinofambirana nehurongwa hwaMwari. Mwari vanoona hurongwa hwevanhu ichokwadi chinogara chakadaro. Hanzi, “Asi Jehovha akaburuka pasi kuti azoona guta neshongwe yakanga ichivakwa navanhu.” Zvino tinoziva kuti Mwari ari kwese kwese. Asi panguva dzakasiyana siyana anotisvikira kuzotidzora nenzira yakasanangurika. Mwari vakauya kuzoona nekuongorora kuti zvainge zvakanangepi zvaiitwa nevanhu.

Kumashure uko Mwari vaibvunza vanhu mibvunzo yaiita kuti vaone zvakaipa zvavainge vachiita. Vakabvunza Adamu mubindu reEdeni kuti, “Uripiko?” Mwari vakabvunza Kaini mushure mekunge auraya munin’ina wake kuti, “Munin’ina wako aripiko?” Davidi muimbi mukuru weIsraeri akanyora kuti,” Haiwa Jehovha makandinzvera uye munondiziva” Saka uri kuona here kuti Mwari vanoona nekuziva kuronga kwevanhu. Mwari vakati, “Handei nenzira yakasanangurika. Mwari anogara nekusingaperi anoziva hupenyu hwako kubva kwahwakatangira kusvika kwahunoperera. Ndizvo chaizvo hama yangu. Haugoni kuita hurongwa hwako uchifunga kuti Mwari havasi kuzviziva.

Mwari vanopenengura kuronga kwevanhu chimwe chokwadi chinogara. Hanzi, “Zvino hapana chinhu chavanoronga kuti vachiite chichavaomera. Ndangariro dzemunhu dzinofanira kudzorwa. Munhu pachezvake haakwanisi kuzvidzora. Zvishuvo zvemunhu hazvina miganhu izvozvo zvinosanganisira iwewe neni.

Zvatinoshuvira kazhinji kacho hatigoni kuzvidzora. Bhaibheri rinoti muna Genesi 6, “Mwari vakatarisa munhu vakati ndangariro dzomwoyo wake dzakanga dzakaipa bedzi nguva dzose. Muapostori Pauro uyo akararama mushure mehushumuri hwaJesu panyika akanyorera vaKristu mutsamba yake kuVaRoma 1:21 achiti, Nokuti kunyange zvazvo vaiziva Mwari, *Havana kumukudza saMwari kana kumuvonga, asi kufunga kwavo kwakava kusina maturo uye mwoyo yavo isina zivo yakasvibiswa.* Unoonaka Mwari vanopenengura kuronga kwevanhu kunofanira kudzorwa. Zvinonziwo Mwari pavanopengura hurongwa hwevanhu zvinoreva kuti zvinosunda vanhu zvinofanira kudzorwa. Kwete ndangariro chete asi nezvinosunda munhu. Zvinosunda munhu zvinomusundira kupfuura zvinangwa zvakanaka. Munhu anoda kuita zvakapfura paanofanira kugumira. Kuzviratidzira kwemunhu munyika yedu yazvino kunobva pachinhu ichi kunobva kwatirova mbama kumeso. Patinoshanda tiri kunze kwekuda kwaMwari tinozozviona tatarisana nezvinhu zvisingagoni kuitika.

Munhu aive nehuchenjeri hwakapfuura chero ani nani zvake ati amborarama panyika anonzi Soromoni. Soromoni akange ari mambo weIsraeri. Akatanga kuchine churu chemakore Kristu asati auya panyika akataura kuti, *“Zvino zvose zvanzwikwa, houno mugumo wenyaya yacho: Itya Mwari uchengete mirayiro yake, nokuti iri ndiro basa rose romunhu. Nokuti Mwari achatonga basa rimwe nerimwe kusanganisira nezvakavanzika zvose, zvakanaka kana zvakaipa.”* Muparidzi 12:13-14. Mwari vanopenengura hurongwa hwevanhu. Mwari anogara nekusingaperi anonzwisisa kuti nemhaka yei uchida kuita zvaunoita. Chokwadi chinogara **chechitatu** ndechekuti Mwari anotonga hurongwa hwevanhu. Ndataura kumavambo kwechirongwa chino kuti unogona kushaya hanya naMwari asi hauzogoni kungoita hurongwa hwako wega. Chikonzero ndechekuti tiri kurarama

munyika inotongwa naMwari. Mwari vanotonga hurongwa hwevanhu. Chiitiko ichi chatiri kutarisa nhasi ndicho chinotidzidzisa izvi. Mwari vakaparadza mubatanidzwa wevanhu uyu. Mwari pavaiongorora zvakange zvichiitika vakataura kuti, “Uyai ngatiburukei tindopesanisa mutauro wavo kuti varege kunzwisisana.” Ndiwo maparadziwo akaitwa mubatanidzwa uyu. Mwari vakaparadza mubatanidzwa wevanhu ava nekupesanisa mitauro yavo. Kubva ipapo hakuna kuzonzwisisana. Zvakaitika ipapo ipapo, mubatanidzwa ukaparadzwa zvachose. Mwari vanotonga kuronga kwevanhu nekudzosera kumashure zvinenge zvichida kuitwa nevanhu. Vakati, *“Kuti tizviitire mukurumbira uye kuti tirege kupararira panyika yese.”* Mwari pavakapesanisa mitauro yavo akavaparadzira kwese kwese panyika pese kubva panzvimbo iyi yavakange vari. Mwari vakadzosera kumashure pfungwa dzevanhu. Chinangwa chaMwari chakazadzikiswa nekuti Mwari akange ati vaberekane, vawande, vazadze nyika. Asi ivo vakati kwete.

Zvakare Mwari anotonga kuronga kwevanhu nekumisa basa revanhu. Tinoverenga kuti kuvakwa kweguta kwakabva kwamira. Ku Middle East nhasi uno kune masvingo anoita

kunge guta rakasiirwa panzira risina kupedza kuvakwa. Pane humbowo hweshongwe isina kupera kuvakwa. Vamwe ndivo vakazvikudza vakataura zvinopikisana naMwari zvikavaunzira matambudziko akakurisisa. Mwari anogara nekusingaperi haazoregi kuronga kwevanhu kuchingoitwa zvichingosiiwa zvakadaro zvisingatongwi. Chokwadi ndechekuti Mwari ndivo mhinduro yekupedzisira. Zvinokosha kwauri hama yangu kuti urangarire kuti kuna Mwari. Ndiye anogara nekusingaperi. Ane hanya newe. Saka ini ndinofanira kuti kuna MWARI anova Mwari ega wechokwadi. Anoona zvaunenge uchiita. Anopenengura

zvaunenge uchiita. Pamusoro peizvi zvese anotonga zvaunenge uchiita. Saka hukama hwako naye pachezvako hunokosha zvepamusoro soro.